



Lake Park Elementary School

An "A" Rated Title I School
410 3rd Street, Lake Park, Florida 33403
Phone: 561-494-1300 Fax: 561-494-1350
email: lakeparkes@palmbeachschools.org

Principal: Philip Preddy Assistant Principal: Veronica Young

FSA Spring 2021-3-6 -Haitian Creole

Chè Paran/ Responsab,

Objektif lèt sa a se pou enfòmasyon w ke elèv ou a ap pran evalyasyon estanda Florid sou papyè (FSA) 3yèm ELA Lekti yo pral administre 6 Avril 2021 - 15 Avril 2021 ak Klas 4 ak 5 ELA Evalyasyon Ekri sou volonte yo dwe administre li nan dat 13 avril 2021 ak 14 avril 2021. Tanpri sonje ke evalyasyon Lekti ELA 3yèm ane a gen de sesyon (Sesyon 1 ak Sesyon 2); 4yèm ak 5yèm ane ELA ekri sèlman gen yon sèl sesyon. Elèv sa yo pral evalye nan jou espesifik nan fenèt tès ki te mansyone a. Ou pral resevwa dat espesifik pitit ou a (yo) nan men pwofesè yo.

Paran yo, n ap mande pitit ou a resevwa anpil repo anvan chak evalyasyon epi pran yon manje maten nourisan. Kòm yon manje maten rapèl yo te sèvi isit la nan lekòl la soti nan 7:30 am a 8:00 am. Nou pral bay ti goute apre chak evalyasyon, sepandan yo ankouraje elèv yo pote dlo. Yo ka itilize boutèy dlo LPE yo ke yo te bay pou yo nan kòmansman ane lekòl la. Yo ta dwe ranpli boutèy dlo yo lakay yo chak jou, anvan yo vin lekòl.

** Tanpri sonje ke dat tès adisyonèl pou Me ap vini byento pou evalyasyon sa yo: **

- Lekti ELA 4yèm ak 5yèm ane
- 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane Matematik
- Syans 5yèm a

Tanpri revize règleman sa yo avèk pitit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**---Elèv yo pa otorize genyen okenn aparèy elektwonik, enkli, san yo pa limite a, telefòn selilè, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nan okenn moman pandan egzamen yo oswa pandan poz yo (tankou: ale nan twalèt), menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo p ap itilize yo. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Kalkilatrè**--- Yo pa otorize kalkilatrè pandan egzamen matematik nan klas 3-6^{yèm} ane.
- **Akò sou Règleman Egzamen yo**---Tout tès yo enkli yon Akò sou Règleman egzamen yo ki enprime nan fèy tès elèv la ak kaye repons yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen." Avan egzamen an kòmansman, administratè/tris tès la ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè yo siyen anba deklarasyon an nan fèy tès la ak liv repons yo.
- **Pale sou Kontni Tès apre egzamen**---Dènye pòsyon règleman egzamen an y ap li pou elèv yo avan yo siyen anba Akò sou Règleman Egzamen an, deklare: "Poutèt kontni nan tout egzamen leta yo sekirize, ou pa kapab diskite oswa revele detay sou kontni tès la (enkli atik tès la, pasaj, ak kesyon) apre egzamen an. Sa enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imel, oswa poste nan sit medya sosyal yo." Tanpri, fè sèten pitit ou konprann règleman sa avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tès la enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imel, poste nan sosyal medya, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo pa kapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**---Elèv yo responsab pou fè travay yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran poul pandan egzamen an, y ap anile tès yo. Anplis, FDOE itilize



Lake Park Elementary School

An "A" Rated Title I School
410 3rd Street, Lake Park, Florida 33403
Phone: 561-494-1300 Fax: 561-494-1350
email: lakeparkes@palmbeachschools.org

Principal: Philip Preddy Assistant Principal: Veronica Young

FSA Spring 2021-3-6 -Haitian Creole

Caveon Test Security pou analize rezilta tèl elèv yo pou detekte repons ki sanble anpil nan yon fason ki pa nòmal. Y ap anile tèl elèv nan yon lekòl yo jwenn ki sanble anpil anpil.

- **Kite Lokal Lekòl la**---Si pitit ou kite lokal lekòl la avan li fini yon sesyon egzamen (tankou pou dejene, randevou, maladi), yo p ap otorize l retounen nan sesyon tèl sa a. Si pitit ou pa santi l byen pandan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li tann epi pran tèl la nan yon jou ratrapaj. Sonje, pa fè randevou nan jou ki pwograme pou egzamen.
- **Akomodasyon pou Tèl**---Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (*IEP*), yon plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (*ELL*) oswa li te fèk soti nan *ELL*, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou akomodasyon pou tèl yo pral bali.

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, tanpri kontakte Veronica Young nan 561 494-1307. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Egzamen Leta Florid yo (*Florida Statewide Assessments*), tanpri vizite pòtay la nan www.FSAssessments.org.

Mèsi poutèt w ap sipòte pitit ou epi ankouraje l fè tout efò li pandan egzamen Prentan 2021 yo.

sensèman,

Mr. Preddy & Mrs. Young